

# Breastfeeding Mothers' Bill of Rights (Deklarasyon Dwa Manman k ap Ba Tibebe Tete)

Youn nan desizyon enpòtan yon manman kapab fè lè l ap prepare pou tibebe li k ap vini se chwazi fason pou bay nouvo tibebe li manje. Pou pifò fanm yo, doktè yo dakò chwa ki pi pwoteje ak pi bon pou sante se bay tibebe yo tete. Se dwa ou pou jwenn enfòmasyon sou avantaj ki genyen nan bay tibebe ou tete, epi pou gen pwofesyonèl swen sante ou, sant swen sante matènèl ou, ak sant gadri ou ankouraje ou ak sipòte ou pou bay tibebe ou tete. Ou gen dwa pou pran fè chwa pa ou konsènan si pou bay tibebe ou tete. Kit ou chwazi pou bay tibebe ou tete kit ou chwazi pou pa fè sa, ou gen dwa ki endike anba la yo, kèlkeswa ras ou, kwayans ou, peyi kote ou soti, preferans seksyèl ou, idantite seksyèl ou oswa ekspresyon seksyèl ou, oswa sous peman pou swen sante ou. Sant swen sante matènèl yo gen yon responsablite pou asire ou konprann dwa sa yo. Yo dwe ba ou enfòmasyon yo aklè, epitou yo dwe ba ou yon entèprèt, si li nesèsè. Dwa sa yo ka limite sèlman nan la kote sante ou oswa sante tibebe ou bezwen sa. Si nenpòt nan bagay sa yo pa kòrèk pou ou oswa pou tibebe ou sou plan medikal, ou ta dwe resevwa tout enfòmasyon sou done yo epitou nou ta dwe konsilte ou.

## (1) Anvan Ou Akouche:

Si ou patisipe nan klas prenatal ak klas preparasyon pou akouchman (klas yo bay nan sante matènèl ak nan tout klinik lopital ak sant dyagnostik ak tretman ki bay sèvis prenatal dapre Atik 28 Public Health Law (Lwa sou Sante Piblik)), lè sa a ou dwe resevwa Breastfeeding Mothers' Bill of Rights. Chak sant swen sante matènèl dwe bay depliyàn ki gen enfòmasyon sou matènite, tankou Breastfeeding Mothers' Bill of Rights, pou chak pasyan oswa pou reprezantan pèsònèl yo chwazi nan moman anrejistreman oswa nan moman admisyon yo nan yon sant swen sante matènèl.

Ou gen dwa pou resevwa tout enfòmasyon sou avantaj ki genyen nan bay tibebe tete pou tèt ou ak pou tibebe ou. Sa ap ede ou fè yon chwa ki baze sou enfòmasyon yo sou fason pou bay tibebe ou manje.

Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ki san enterè komèsyal epi ki gen ladan:

- Fason alètman bay avantaj pou ou ak tibebe ou sou plan nitrisyonèl, medikal, ak emosyonèl;
- Fason pou prepare tèt ou pou bay tibebe ou tete;
- Fason pou konprann kèk nan pwoblèm ou ka genyen ak fason pou rezoud yo.

## (2) Nan Sant Swen Sante Matènèl la:

- Ou gen dwa pou mande pou tibebe ou rete avèk ou touswit apre akouchman ou, kit ou fè yon akouchman vajinal oswa yon sezaryèn.
- Ou gen dwa pou kòmanse bay tibebe ou tete nan inèdtan apre ou akouche.
- Ou gen dwa pou jwenn èd yon moun ki antrene nan bay tibebe tete.
- Ou gen dwa pou mande pou pa kite tibebe ou resevwa nenpòt manje nan bibwon oswa tetin.
- Ou gen dwa pou konnen nenpòt medikaman ki ka seche lèt ou epitou ou gen dwa pou refize yo.
- Ou gen dwa pou mande pou tibebe ou nan chanm ou avèk ou 24 sou 24.
- Ou gen dwa pou bay tibebe ou tete nenpòt lè lajounen tankou lannwit.



- Ou gen dwa pou konnen si doktè ou oswa pedyat tibebe ou dekonseye ou pou bay tibebe ou tete anvan yo pran nenpòt desizyon pou bay tibebe ou manje.
- Ou gen dwa pou gen yon siy sou bèso tibebe ou ki endike akèlè ou bay tibebe ou tete epi yo pa dwe ofri tibebe ou okenn kalite manje nan bibwon.
- Ou gen dwa pou resevwa tout enfòmasyon sou fason ou fè pou bay tibebe ou tete, epitou pou jwenn èd sou fason pou amelyore.
- Ou gen dwa pou bay tibebe ou tete nan inite swen entansif apre ou akouche. Si li pa posib pou bay tibebe ou tete, ap fè tout sa ki posib pou tibebe ou resevwa lèt ki ponpe oswa lèt ou retire nan tete ou.
- Si oumenm – oswa tibebe ou – entène ankò nan yon sant swen sante matènèl apre premye tan ou pase pou akouchman an, lopital la ap fè tout efò posib pou kontinye sipòte ou pou bay tibebe ou tete, epitou pou ba ou ponp elektrik yo itilize nan lopital ak enstalasyon pou ou ak tibebe ou nan chanm nan.
- Ou gen dwa pou jwenn èd yon moun ki resevwa antrènman espesyal nan sipòte manman k ap bay tibebe yo tete, si tibebe ou gen bezwen espesyal.
- Ou gen dwa pou mande yon manm fanmi ou oswa yon zanmi pou li resevwa enfòmasyon sou alètman nan men yon manm ekip la, si ou mande sa.

### (3) Lè Ou Kite Sant Swen Sante Matènèl la:

- Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon ki san materyèl komèsyal konsènan alètman.
- Sof si ou fè demann espesyal, epi si sa disponib nan sant lan, ou gen dwa pou jwenn egzemat san sache ki gen lèt anpoud tibebe, oswa kupon lèt anpoud sof si se pwofesyonèl swen sante tibebe ou ki rekòmande li.
- Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou resous alètman nan kominote ou, ansanm ak enfòmasyon sou disponiblite konsiltan nan alètman, gwoup sipò, ak ponp tete.
- Ou gen dwa pou mande sant sante a pou ba ou enfòmasyon pou ede ou chwazi yon pwofesyonèl medikal pou tibebe ou, epi pou yo ede ou konprann enpòtans yon randevou pou retounen wè pwofesyonèl medikal la.
- Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon sou fason pou retire lèt nan tete ou ak sou fason pou konsève lèt la san pwoblèm.
- Ou gen dwa pou bay tibebe ou tete nenpòt kote, piblik oswa prive, kote ou gen otorizasyon pou ye. Ou kapab pote plent ba New York State Division of Human Rights.
- Ou gen dwa pou bay tibebe ou tete nan espas travay ou oswa nan sant gadri a nan yon anviwònman ki pa dekouraje alètman oswa apwovizyonman lèt tete.
- Dapre seksyon 206-c Labor Law (Lwa Travay), pandan apeprè twa zan apre ou akouche, ou gen dwa pou pran tan konje rezonab san peye oswa pou itilize tan konje peye oswa tan pou manje chak jou, yon fason pou ou kapab pran lèt nan tete ou nan travay la. Patwon ou dwe fè efò ki rezonab pou ba ou yon sal oswa yon lòt kote, ki toupre zòn travay ou, kote ou kapab retire lèt nan tete ou anprive. Patwon ou pa ka fè diskriminasyon kont ou dapre desizyon ou pou retire lèt nan tete ou nan travay la. Ou kapab pote plent yo ba New York State Department of Labor.

Tout sa yo se dwa ou genyen. Si sant swen sante matènèl la pa respekte dwa sa yo, ou kapab chèche èd depi ou kontakte New York State Department of Health, oswa depi ou rele liy dirèk lopital la pou fè plent nan nimewo **1-800-804-5447**; oswa nan adrès imèl nan [hospinfo@health.ny.gov](mailto:hospinfo@health.ny.gov).



**Department  
of Health**